

Jwenn Èd ak Pwogram Tarif ki gen Rabè a

Ale sou [mta.info/reduced-fare](https://www.mta.info/reduced-fare) pou tout enfòmasyon ou bezwen pou w kòmanse tape ak OMNY.

Pou sipò:

- Ale nan Sant Sèvis Kliyan nou an ki nan 3 Stone St in Lower Manhattan, lendi jiska madi, 9 am jiska 5 pm.
- Rele Sant Apèl OMNY an nan **877-789-6669**, lendi - vandredi, 8 am rive 8 pm oswa samdi soti 8 am rive 5 pm.
- Al rankontre ekip vandè mobil nou genyen ki nan zòn ou: [mta.info/mobilesales](https://www.mta.info/mobilesales)
- Ale nan yon Sant Sèvis Kliyan nan estasyon tren yo nenpòt lè, 24/7: [mta.info/csc](https://www.mta.info/csc)

Fason pou w ranplase yon kat OMNY ki pèdi

Si kat OMNY tarif ki gen rabè w la pèdi oswa yo vòlè l, ou dwe ale nan yon kote ki gen sèvis kliyan pou w rapòte sa epi jwenn yon lòt. Balans nan moman ranplasman an ap transfere sou nouvo kat ou a.

Ou ka bloke yon kat ki pèdi oswa yo vòlè tousuit si l konekte ak yon kont OMNY lè w konekte sou [omny.info](https://www.omny.info). Si kat ou a pa konekte ak yon kont OMNY, ou ka bloke l lè w rele Sant Apèl OMNY an epi bay nimewo kat la.



Fason pou w itilize Kat OMNY Tarif ki Gen Rabè w la



STONE 3 STREET



[mta.info/reduced-fare](https://www.mta.info/reduced-fare)

[omny.info](https://www.omny.info)

OMNY



Tape pou vwayaj ki nan tarif ki gen rabè w yo

Nouvo kat OMNY Tarif ki Gen Rabè a pèmèt ou tape pou mwatye pri tarif la nan bis, tren, Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak Hudson Rail Link MTA yo.

Tape nan gichè a oubyen nan bis la.

Tape kat OMNY Tarif ki Gen Rabè w la sou ekran an.



Lè wè koulè a vèt e w tande l di "GO" lè sa w pare pou vwayaj ou a.

Tranzaksyon OMNY yo san danje e yo fèt an sekirite. MTA pa pataje enfòmasyon kliyan yo.

Kat OMNY ak Tarif ki Gen Rabè w la se sèl oumenm ki pou itilize l.



Kat OMNY Tarif ki gen rabè w la fasil pou w mete lajan sou li ak kach, kredi, oswa debi:

- Itilize machin OMNY ki vann nan estasyon tren ki pi pre w: omny.info/omny-card
- Mete lajan oswa aktive opsyon pou l rechaje otomatikman ak yon kont anliy ki gratis sou omny.info
- Ale sou omny.info/retail pou w jwenn yon magazen ki pre w ki rechaje kat OMNY.
- Al rankontre ekip vandè mobil nou genyen ki nan zòn ou: mta.info/mobilesales
- Rele Sant Apèl OMNY an nan **877-789-6669**

Pou w verifye balans ou, tape kat ou a nan yon machin ki vann kat OMNY oswa konekte nan kont OMNY w lan sou omny.info.



Pwofite avantaj OMNY

- Peye 12 tarif nan sèt jou epi rès vwayaj ou pou sèt jou sa yo ap gratis
- Pa al nan machin ki vann nan epi rechaje kat ou anliy ak yon kont OMNY gratis
- Jwenn menm transfè ou te konn jwenn ak MetroCard la



Kreye yon kont OMNY gratis

- Ale sou omny.info pou w kreye yon kont ki gratis, an sekirite epi konekte kat ou
- Verifye balans ou
- Verifye nan ki nivo w ye pou w jwenn rabè gratis
- Mete opsyon pou rechaje otomatikman pou w pa jan m gen pou w enkyete w pou balans ki ba
- Bloke balans kat OMNY w lan si kat ou a pèdi oswa yo vòlè l
- Antre nan plis paramèt kont lan